



Dlo ki kontamine ak Bakteri Fekal

Frekans gwo lapli, inondasyon, ak sechrès kòz chanjman klimatik te pwovoke yo ka kontamine dlo pou bwè a. Twòp lapli ka lakòz debòdman, inondasyon, oswa debòdman tou rego ki ka kontamine dlo pi yo ak bakteri fekal danjere tankou E. Coli. Risk sanitè ki gen rapò ak ekspozisyon fas ak dlo ki kontamine gen ladan yo maladi gastwoentestinal, iritasyon po ak je ak enfeksyon blese yo.

Pandan vil yo ak komin yo ap kontwole pi prive yo, pwopriyetè yo dwe fè laboratwa prive yo analize dlo yo yon fason regilye pou asire yo dlo yo bon pou bwè. W ap jwenn plis enfòmasyon nan Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts la sou tès kalite dlo pou [pi prive yo](#).

Ki moun ki gen pi gwo risk?

- Moun ki gen plis pase 65 lane
- Timoun ki gen pi piti pase 5 lane
- Moun ki ansent
- Moun ki gen sistèm iminitè yo ki fèb

Kisa nou ka fè nan ka sa?

- Enskri pou w resevwa alèt sante publik nan vil ou a, oswa nan men founisè dlo w la
- Evite kontak ak dlo inondasyon ak labou - dlo ki fin itilize ki pa trete yo ka kontamine yo
- Respekte konsiy lokal sou "dlo bouyi" ak lòt enstriksyon ki konsène kontaminasyon dlo
- Teste pi prive yo yon fason ki regilye pou w kapab detekte prezans sibstans ki ka kontamine yo, espesyalman apre inondasyon
- Reparasyon sistèm septik ki andomaje yo imedyatman sa posib



**W ap jwenn plis enfòmasyon sou:
mass.gov/ClimateAndHealth**



Bureau of Climate and Environmental Health
Environmental Toxicology Program
Massachusetts Department of Public Health